# Ki lòt avantaj konje oswa revni m ap bezwen deklare pandan demann PFML la?

**Alokasyon ki soti nan lòt pwogram konje yo kapab redwi nan salè ou ak kantite jou konje total ou kapab pran.**

## Kisa M dwe deklare?

- **Konje anvan - tankou FMLA**
  Si ou te pran yon konje peye oswa ki pa peye pou yon rezon valab.
- **Revni Konplemantè - Andikap**
  Pi souvan, plan andikap koutèm ak lontèm yo dwe deklare, ki gen ladan asirans medikal oswa familyal (tankou asirans konje parantal).
- **Revni Konplemantè – Chomaj, asirans pou aksidan, Sekirite Sosyal, lòt** Si ou resevwa pèman nan youn nan pwogram sa yo oswa nan youn ki sanble ak yo pandan ou nan konje, ou dwe deklare montan ki vèse a ak dat li kòmanse ak dat li fini an.

## Kisa M pa dwe deklare?

- **PFML anvan an -** DFML gen yon dosye sou Konje Familyal ak Medikal ki peye anvan ou yo. Mete sou sa, pa deklare lòt konje si w te pran yo pou yon rezon ki pa t valab.
- **PTO pou konplete avantaj PFML –** Ou gen otorizasyon pou w pran vakans, konje maladi, oswa lòt konje peye akimile nan kad politik anplwayè a (kolektivman, "Tan Konje Peye" oswa "PTO") pandan semèn atant ou an epi ou kapab itilize PTO pou w ogmante alokasyon (konplete) PFML ou yo jiska yon Montan ki Egal ak Salè Mwayen Endividyèl Chak Semèn ou a (IAWW). Itilizasyon PTO pou konplete avantaj ou pa yon obligasyon.
- **Asirans Prive sou Revni -** Pa deklare asirans siplemantè ou peye ak kòb pòch ou, tankou asirans anplwayè ou a pa kouvri, tankou Aflac.
- **Pèman Bonis -** Pa deklare alokasyon bonis vakans oswa yon bonis yo ba ou pou fen ane a.
- **Majorite tip komisyon yo –** avèk eksepsyon pou “tiraj” sou komisyon yo ak komisyon ki egzekite rapid.

**Tanpri remake:** Enfòmasyon sa yo se yon apèsi ki gen objektif reponn kesyon moun poze pi souvan yo; li pa reprezante konsèy konplè sou deklarasyon lòt konje yo ak lòt revni pandan demann PFML la. Gade mass.gov/PFMLotherbenefits pou plis enfòmasyon sou fason lòt konje yo kapab afekte avantaj PFML yo.